# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

गुरु श्री गोबिन्द सिंह जी महाराज के चारि साहिबजादन क बलिदान दिवस के आजु 'वीर बाल दिवस' के रूप में मनावल जा रहल बा। एके साहिबजादा दिवस के तौरो पर मनावल जाला। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी नई दिल्ली के भारत मंडपम में आयोजित राष्ट्रीय कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। अपने सम्बोधन में प्रधानमंत्री कहलें कि पछिला चारि सालि में वीर बाल दिवस, साहिबजादन क प्रेरणा आ बलिदानन के युवा पीढ़ी ले पहुंचवले हौ।

**बीते चार वर्षों में वीर बाल दिवस की नई परंपरा ने साहिबजादों की प्रेरणाओं को नई पीढ़ी तक पहुंचाया है। वीर बाल दिवस में साहसी और प्रतिभावान युवाओं के निर्माण के लिए एक मंच भी तैयार किया है। हर साल जो बच्चे अलगदृअलग क्षेत्रो में देश के लिए कुछ कर दिखाते हैं, उन्हें प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार से सम्मानित किया जाता है।**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो लखनऊ में 'वीर बाल दिवस' पर आयोजित कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में सहादति देवे वाले वीर साहिबजादन के इयादि करत मुख्यमंत्री कहलें कि चारि साहिबजादा हिन्दुस्तान के हर पाठ्यक्रम क हिस्सा बनल हवें। श्री योगी कहलें कि गुरु श्री गोबिंद सिंह जी महाराज के चारि साहिबजादा देस आ धरम खातिर जवने तरियन आपन बलिदान दिहले रहलें, दुनिया के इतिहास में येह तरह क बलिदान देखे के नाहीं मिले ला।

प्रदेस के कई जिलन में आजु वीर बाल दिवस पर कई गो गतिविधियन क आयोजन कइ के चारि साहिबजादन क सहादति के इयादि कइल गइल।

**********

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु आजु नई दिल्ली में 'वीर बाल दिवस' के मौका पर  'प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार' प्रदान कइलीं। ई पुरस्कार वीरता, नवाचार, विज्ञान आ प्रौद्योगिकी, खेल अउर कला के क्षेत्रन में दीहल जाला। येह मौका पर राष्ट्रपति कहलिनि कि ई पुरस्कार आजु पुरस्कृत होखे वाले लइकन के साथे–साथ देस भर क अउरियो लइकन के प्रोत्साहित करी।

**आप जैसे वीर और प्रतिभाशाली बच्चे निरंतर अच्छा काम करते रहेंगे। ये तो शुरूआत है, जिन्दगी बहुत उड़ान करने के लिये बाकी है। मुझे लगता है आपके प्रतिभा से भारत जरूर उत्साहित होगा और बहुत सारे बच्चे आपको फॉलो करेंगे, वो भी अपना–अपना हुनर दिखाने के लिये वो भी प्रयास जरूर करेंगे।**

पुरस्कार पावे वालन में बाराबंकी जिला क पूजा पाल आ आगरा क रहवइया नौ सालि क अजयो सामिल हवें। पूजा के नव–उन्मेषी सोच आ वैज्ञानिक दृष्टि खातिर आ अजय के असाधारण वीरता देखावे बदे ई पुरस्कार मिलल हौ।

**********

कृषि आ ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहले हवें कि 'विकसित भारत जी–राम–जी योजना' में बरिस दुइ हजार सैंतालीस ले विकसित भारत क लक्ष्य के पूरा करे बदे ग्रामीण इलाकन में विकास कार कइल जाई। डीडी न्यूज से खास बातचीत में उहां के कहलीं कि येह योजना में हर ग्रामीण परिवार खातिर वैधानिक मजदूरी रोजगार गारंटी बढ़ा दीहल गइल बा।

**सौ से सवा सौ दिन हम रोजगार कर रहे हैं तो पैसे भी ज्यादा लगेंगे। इस साल प्रस्तावित बजट था 25–26 का 88 हजार करोड अब जो प्रस्तावित है वो है एक लाख 51 हजार 282 करोड रूपया। अकेले केन्द्र सरकार 95 हजार करोड़ रुपये से ज्यादा रूपया इसमें खर्च करेगी। गांव में विकास के सारे काम इस योजना के माध्यम से किए जांएगे।**

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु अजोध्या पहुंचि के कटरा मोहल्ला के प्राथमिक विद्यालय क निरीक्षण कइलिनि। येह दौरान उहां के विद्यालय के साफ–सफाई, सिक्षण व्यवस्था आ लइकन के मिलि रहल सुविधा क जायजा लिहलीं। राज्यपाल एगो बनि रहल आंगनबाड़ी केन्द्रो क निरीक्षण कइलिनि। येह मौका पर उहां के लइकन के साथे बातोचीत कइलीं।

**********

गोरखपुर क वनटांगिया गांव जंगल तीनकोनिया नम्बर तीनि प्रदेस क पहिला आ देस क दुसरका 'जल अर्पण गांव' बनि गइल हौ। अब येह गांव में पानी के आपूर्ति क इंतिजाम ग्राम पंचायत सम्हारी। आजु स्थानीय सांसद रवि किशन शुक्ल अधिकारियन के साथे बनटांगिया गांव के परधान आ ग्रामीणन के जल कलसा दे के कार्यक्रम क सुरूआति कइलें। येह मौका पर उहां के जल संरक्षण क अपीलि कइलीं आ कहलीं कि हर गांववासीयन के पानी क बरबादी रोकले क कोसिस करे के चाही।

**********

भगवान श्रीराम के नगरी अजोध्या में एकतीस दिसम्बर के रामलला के प्राण प्रतिस्ठा के दुसरकी सालगिरह पर भव्य आयोजन कइल जाई। हमरे अजोध्या प्रतिनिधि बतवलें कि येह मौका पर धारमिक अनुस्ठान क सुरूआति बिहने से होई। एकतीस दिसम्बर के होखे वाला मुख्य समारोह में केन्द्रीय रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो सामिल होइहें।

**********